

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data nya éta subjék ti mana éta data dicangking. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa nya éta jalma, tempat, jeung kertas atawa dokumén (Arikunto, 2010, kc. 172).

- 1) Jalma, nya éta sumber data nu bisa méré data nu mangrupa jawaban sacara lisan ngaliwatan prosés wawancara atawa jawaban tinulis tina angket.
- 2) Tempat, nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Tempat di dieu mangrupa tempat obsérvasi panalungtikan nu rék ditalungtik.
- 3) Kertas atawa dokumén mangrupa nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén di dieu mangrupa objék pikeun métode dokumentasi.

Saluyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data perkara ngaseuk ti ketua adat jeung sesepuh kampung adat Sinar Resmi tina hasil rekaman wawancara jeung tina foto acara tradisi ngaseuk. Tempat nu jadi sumber datana nya éta Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi.

3.1.1 Subjék Panalungtikan

Subjék panalungtikan, nurutkeun Spradley (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 188) nya éta sumber informasi, sedengkeun nurutkeun Moleong subjék panalungtikan nya éta jalma dina latar panalungtikan atawa jalma nu dimangpaatkeun pikeun méré informasi ngeunaan situasi jeung kondisi latar panalungtikan.


Subjék panalungtikan dina ieu skripsi nya éta Tradisi Ngaseuk di Kampung Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi. Ku kituna, dina ngumpulkeun data panalungtikan ngeunaan Tradisi Ngaseuk.


Panalungtik ngalaksanakeun wawancara ka ketua adat jeung sesepuh di Kampung Sinar Resmi Désa Sirna Resmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi.

3.1.2 Gambaran Umum Lokasi Tempat Panalungtikan

1) Lokasi

Gambar 3.1 Péta Désa Sirnaresmi



 = Lokasi Panalungtikan

Nu jadi lokasi panalungtikan dina ieu skripsi nya éta Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi, Provinsi Jawa Barat. Sacara geogarfis, Désa Sirnaresmi aya di $6^{\circ} 48' 54''$ BT dan $106^{\circ} 33' 3''$ LS. Luas wilayah Désa 4917 Ha, lega perkebunan atawa pertanianna 901 Ha, sawahna 800 Ha, *kolam* 4 Ha, sarta lega perkampunganna 2212 Ha.

Sacara administrasi, Désa Sirnaresmi kaasup Kacamatan Cisolok, Kabupatén Sukabumi, Provinsi Jawa Barat. Wates-wates administrasi Désa Sirnaresmi nya éta di béh kalér diwatesanan ku Kabupaten Lebak jeung Kabupaten Bogor, béh

kidul diwatesanan ku Désa Cicadas, béh wétan diwatesanan jeung Désa Cicadas jeung Kabupatén Lebak sarta béh kulon diwatesanan ku Kacamatan Kabandungan.

Kampung Adat Sinar Resmi salasihiji ti tujuh kampung nu aya di Désa Sirnaresmi. Wates Kampung Adat Sinar Resmi nya éta di béh kalér diwatesanan ku wahangan Cibaréno, béh kulon, diwatesanan ku Kampung Cibongbong, béh kidul diwatesanan ku Kampung Cikaret, béh wétan diwatesanan ku Désa Cicadas.

Suhu di wilayah désa 21-28°C, curah hujan antara 2120-3250 mm/tahun sarta *kelembaban* udara 84%. Désa Sirnaresmi aya dina *ketinggian* 620-1200 M ti permukaan laut. Désa Sirna Resmi miboga opat cinyusu, nya éta Cipanengah, Cisodong, Cidongkap, jeung Cisolok, sedengkeun wahanganna nya éta wahangan Cidongkap, Cipanengah, Cisodong, dan Cibaréno.

Nurutkeun data di Désa Sirnaresmi taun 2013, jauhna ka kacamatan 28 km, jauhna ka kabupatén 32 km, jauhna ka provinsi 180 km, sarta jauhna ka ibu kota 150 km.

2) Warga

Hubungan antar masarakat kawilang alus pisan dina sapopoéna, sarta masarakatna soméah. Salian ti éta, lamun aya kapapaténan atawa gering sok silih bantuan, boh tanaga boh matérina. Terus aya deui kagiatan ngumpulkeun béas, ngumpulkeun paré hasil ti sawah atawa ti huma, kagiatan gotong-royong, réréongan dina acara salametan. Ieu nandakeun masarakat hirup kumbuh sauyunan, silih ajénan antara masakat hiji jeung séjénna.

3) Atikan

Kamekaran widang atikan di kampung adat Sinar Resmi kaasup alus, lantaran katémbong tina hasil atikan ti mimiti PAUD, TK, SD, SMP/MTS, SMA/SMK, jeung paguron luhur gé aya nu dihontal. Ki kituna, di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirna Resmi sacara umum masarakat téh geus wanoh kana hurup jeung angka, nya éta Latén jeung Arab. Salian ti éta aya sarana atikan anu kacida

ngarojong kana lumangsungna prosés diajar-ngajar di Désa Sirnaresmi. Sarana prasarana nya éta aya, SD, MD, SMP, TK/TPA, sarta pondok pesantren.

4) Agama

Agama jeung kapercayaan masarakat Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirna Resmi umumna ngagem agama Islam, tapi ogé masarakatna masih teguh kana kapercayaan titinggal karuhun, misalna tetep ngalaksanakeun upacara tradisional anu aya patalina jeung pakasaban, daur hirup, jeung réligi.

5) Basa

Basa nu digunakeun ku Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirna Resmi dina hirup kumbuhna sapopoé nya éta lolobana ngagunakeun basa Sunda. Tapi kiwari aya sawatara warga (biasana pendatang) anu ngagunakeun basa Indonésia.

6) Pakasaban


Pakasaban masarakat Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirna Resmi nya éta tani jeung ngahuma. Pakasaban séjén aya nu jadi pangrajin, tukang nyadap kawung, nu ngukir bedog (golok), jeung panday.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés rarancang panalungtikan ti mimiti prak nepi ka patalékan bisa dijawab ku informan. Tujuanana sangkan bisa ngadéskripsikeun: 1) tradisi ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi, 2) struktur dina tradisi ngaseuk, jeung 3) bahan pangajaran maca artikel ngeunaan tradisi ngaseuk di SMA kelas XII.

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta 1) ngayakeun panalungtikan di Désa Sirnaresmi jeung ngawawancara ka sesepuh kampung adat Sinar Resmi, 2) nganalisis jeung ngadéskripsikeun data tradisi ngaseuk, 3) ngadéskripsikeun bahan pangajaran maca ngeunaan tradisi ngaseuk di SMA kelas XII, jeung 4) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Métodologi panalungtikan asal kecapna tina “metode”, nu hartina cara pikeun ngalakukeun hiji hal, jeung logos nu hartina élmu pangaweruh. Jadi, métodologi hartina cara ngalakukeun hiji hal nu ngagunakeun pikiran pikeun ngahontal hiji tujuan. Panalungtikan nya éta kagiatan pikeun néangan, nyatet, ngarumuskeun jeung nganalisis sarta nyusun laporan. Nurutkeun Hadi (dina Nurbuko jeung

Achmadi, 2007, kc. 2) panalungtikan nya éta pikeun nyangking, mekarkeun sarta nguji bebeneran hiji pangaweruh.

Métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 203). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2009, kc. 234) métode deskriptif nya éta métode nu digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan hiji hal, tanpa nguji hipotésis. Tujuan métode déskriptif nya éta nyieun gambaran, sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta. Hal nu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta tradisi ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi.

3.4 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan, diperlukeun keterangan sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa penapsiran. Ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtik, diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Tradisi Ngaseuk nya éta tradisi ngahuma nu sok dilaksanakeun di Kampung Adat Sinar Resmi unggal taunna.
- 2) Kampung Adat Sinar Resmi nya éta salasahiji Kampung Adat nu aya di Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi.
- 3) Bahan pangajaran maca nya éta salasahiji komponén nu aya dina KIKD basa Sunda kurikulum 2013, anu miboga tujuan sangkan siswa maham wacana artikel nu bakal jadi bahan pangajaran, sabab maca mangrupa kagiatan diajar-ngajar di sakola anu ngagunakeun média bacaan. Ieu bahan bacaan mangrupa artikel ngeunaan tradisi ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi.

Jadi, maksud tina judul “Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA kelas XII (Tilikan Struktural)” nya éta tarékah pikeun ngadéskripsikeun tradisi ngaseuk, struktur tradisi ngaseuk, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan saperti, *handphone*, kaméra digital, jeung pedoman wawancara.

1) *Handphone*

Handphone digunakeun pikeun ngarékam prosés ngumpulkeun data waktu wawancara

2) *Camera digital*

Camera digital digunakeun pikeun ngarékam kagiatan ngaseuk jeung dipaké ogé pikeun ngahasilkeun gambar dina prak-prakan ngaseuk. Salian ti éta, ieu pakakas digunakeun pikeun ngarékam prosés ngaseuk jeung wawancara ka para sesepuh Kampung Adat Sinar Resmi.

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun patokan ngawawancara ka para sesepuh jeung panitia Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi. Dina pedoman wawancara, aya runtuyan patalékan-patalékan nu patali jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan.

Tabel 3.1 Data Informan

Data Informan	
• No	:
• Wasta	:
• Umur	:
• Pakasaban	:
• Jenis kelamin	:
• Alamat	:
• Kalungguhan	:

Tabél 3.2 Pedoman Patalékan dina Wawancara

No	Masalah Panalungtikan	Indikator	Daptar Patalékan
1	Déskripsi Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi	Wangenan	Naon ari tradisi ngaseuk?
		Tradisi	Naha disebut tradisi ngaseuk?
		Ngaseuk	
		Sajarah Tradisi Ngaseuk	Ti iraha mimiti ayana tradisi ngaseuk?
			Di mana mimiti ayana tradisi ngaseuk?
			Iraha waktu dilaksanakeun tradisi ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi?
		Prak-prakan Tradisi Ngaseuk	Kumaha prak-prakan tradisi ngaseuk?
			Aya kagiatan naon saméméh dilaksanakeun tradisi ngaseuk?
			Aya sarat-saratna teu dina tradisi ngaseuk?
			Kumaha unggal tahapan dilaksanakeun?
			Naon nu nandaan unggal prak-prakan dimimiti jeung réngsé?
			Sabaraha lila kagiatan lumangsung?
			Di mana kagiatan lumangsung?
Sabaraha lila waktu nu diperlukeun mimiti persiapan nepi ka panutupan?			
2	Struktur dina Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi	Palaku	Saha waé palaku dina tradisi ngaseuk?
			Saha nu mingpin dina tradisi ngaseuk?
			Aya teu istilah husus pikeun palaku nu kalibet dina tradisi ngaseuk?
			Naon waé tugas-tugasna?
		Pakakas	Pakakas naon waé nu dipaké dina tradisi

			ngaseuk?
			Aya teu pakakas husus nu digunakeun dina tradisi ngaseuk? Naon ngaranna?
			Naon harti pakakas anu digunakeun dina tradisi ngaseuk?
		Kasenian	Aya teu kasenian nu mirig tradisi ngaseuk?
			Kasenian naon nu mirig tradisi ngaseuk?
			Kumaha bentukna?
			Sabaraha lagu nu dipintonkeun salila tradisi lumangsung?
			Saha waé nu mirigna? Aya sarat husus teu pikeun jalma nu mintonkeun waditra dina tradisi ngaseuk?
		Busana	Baju naon nu dipaké dina tradisi ngaseuk?
		Sasajén	Aya teu sasajén dina tradisi ngaseuk? Lamun aya naon waé?
			Naon pungsi sasajén éta?
		Kadaharan	Kadaharan naon nu disajikeun dina tradisi ngaseuk?
			Kumaha cara nyieunna?
			Jang saha waé kadaharan nu sajikeun dina tradisi ngaseuk?

3.6 Téhnik Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku dua téhnik, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

- 1) Studi pustaka dipaké pikeun meunangkeun rupa-rupa tiori anu dijadikeun acuan panalungtik pikeun ngalaksanakeun hiji panalungtikan.
- 2) Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kumaha déskripsi tradisi ngaseuk, struktur dina tradisi ngaseuk, sarta kumaha prak-prakan ngajarkeun matéri maca artikel ngeunaan tradisi ngaseuk.
- 3) Téhnik wawancara digunakeun pikeun nyangking data sacara langsung ti informan anu apal sarta kalibet dina tradisi ngaseuk di Kampung Adat Sinar Resmi Désa Sirnaresmi Kacamatan Cisolok Kabupatén Sukabumi, pikeun nyangking bahan sacara lisan sangkan data-data anu kacangking bener-bener akurat.
- 4) Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina wangun vidéo, jeung gambar anu jadi patokan salaku naon waé nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Sangeus ngumpulkeun data, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Aya sababaraha téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta analisis jeung déskripsi data hasil obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Data tina hasil obsérvasi téh dikumpulkeun sarta dipasing-pasing (dikelompok-kelompok) saluyu jeung kaperluan. Nu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi tradisi ngaseuk, struktur dina tradisi ngaseuk, jeung larapna hasil panalungtikan ieu kana bahan pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

3.6.3 L ngkah Nyusun Laporan

L ngkah nyusun laporan mangrupa l ngkah nu pamungkas. Sabada data dipasing-pasing sarta dianalisis, tuluy  ta data disusun dina wangun d skriptif. Satuluyna ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.